

HARRIS COUNTY HAITIAN HEALTH ASSESSMENT

Enfòmasyon nou. Vwa nou.
Yon inisyativ rechèch kominotè



POUKISA PWOJÈ SA ENPÒTAN?

Pa gen ase enfòmasyon ki ekziste oswa ki pataje sou sante ayisyen yo nan sistèm sante piblik Ozetazini, malgre kantite ayisyen k ap viv nan peyi a.

Mank enfòmasyon sou sante ayisyen yo nan peyi Etazini reprezante yon defi pou konprann bezwen sante kominote a pou enfòme sou ki politik, ki estrateji ki dwe itilize nan zafe ki gen lyen ak sante piblik, ak ki kalite ak kanitite resous (moun, lajan, mwayen teknolojik etc.) kap nesese pou ede kominote ayisyen an ki viv toupatou nan peyi ozetazini, espesyalman nan vil Houston Pwojè nou an pral rasanble enfòmasyon pou sipòte ak avanse sante ayisyen kap viv nan vil Houston.

KISA PWOJÈ A YE?

Rechèch sa pral gen ladan enfòmasyon nou jwenn ou rekolte atravè entèvyou, entèvyou ak diferan gwoup kap viv nan kominote a, e nap fe tou yon evalyasyon sou sante moun kap viv nan kominote a pou nou kapab idantifye defi, baryè ak bezwen sante manm ayisyen yo. Enfòmasyon ki te rasanble pandan ane a kapab sèvi kòm yon baz pou devlope pwogram ak sèvis pou amelyore sante moun nan kominote ayisyen lan. 'Tout enfòmasyon na pral ranmase yo ap rete anonim : sa vle di non ou, adres yo ak dokiman ou pap paret, epi tout bagay ap rete sekre. Patisipasyon w pa pral afekte estati imigrasyon w oswa aksè a sèvis nan Harris County.

KIJAN MWEN KA PATISIPE?

A. Entèvyou ak lidè yo

Èske ou menm oswa nenpòt moun ou konnen gen eksperyans travay ak kominote ayisyen an nan Houston? Kontakte nou!

B. Gwoup konsantre nan kominote a

Nou vle pale ak diferan gwoup nan kominote a epi nou bezwen opinyon ou. Plis enfòmasyon ap vini an lane 2025!

C. Evalyasyon sante kominotè

Nou pral ranmase enfòmasyon sou sante tout moun kap viv nan kominote ayisyen an epi nou bezwen patisipasyon w.. Plis enfòmasyon ap vini an lane 2025!



**ROLDYNE DOLCE,
MPH, CHES**

Investigatè Prensipal
Etidyan Doktè Sante Piblik



roldyne.Dolce@uth.tmc.edu



(832) 779-0325

**mwen
pale
kreyòl**